



**GWOUPMAN
DELIVRANS**

Tels: +509 3476-7171 / 3701-7055
+509 3701-1919 / 4890-9817

Siege Social: Delmas 83, Impasse Cafetière

Lèt tou louvri gwoupman politik DELIVRANS pou Konsèy Elektoral Pwovizwa (KEP)

Pòtoprens, 25/09/2026

**Objektif : Ijans pou rankont validasyon nouvo dekrè elektoral la
avan piblikasyon**

Mesye Prezidan Konsèy la,

Medam ak Mesye Konseye yo,

Gwoupman DELIVRANS ap salye nou patriyotikman epi lap fè nou konnen, li pran nòt sou chanjman san rete kap fèt nan tèt KEP a san ankenn avanse nan revandikasyon popilasyon an sou pwosesis elektoral la, li pwofite leve vwa li pou denonse yon pwosesis elektoral ki pa gen direksyon klè, epi pou mande yon rankont validasyon anvan piblikasyon nouvo dekrè elektoral la.

DELIVRANS pa ka rete an silans pandan KEP a ap depanse lajan kontribyab yo nan yon swadizan eleksyon ki panche yon bò (kredibilite), ki mete yon pati popilasyon an deyò (Eksklizyon) ki pa garanti sekirite elektè ak kandida yo.

DELIVRANS antre nan batay sa a pou defann enterè pèp la, pou di ase ak dezòd, ase ak depans ki pa pote rezilta, ase ak yon gouvènans kalewès. Nan sans sa DELIVRANS mande KEP a pou l sispann ak tout aksyon ki ap mete presyon sou kandida yo, tankou soti nòt devan kou dèyè san pye ni tèt, alòske li klè kalandriye elektoral ki gen dat 13 desanm 2026 la pap respekte, paske dekrè elektoral la pral modifye selon revandikasyon gwoupman politik yo te depoze alafwa nan ekzekitif la ak nan KEP a. DELIVRANS ap raple KEP a, eleksyon yo dwe fèt nan kondisyon ki respekte twa (3) prensip fondamantal sa yo: San fòs kote (kredibilite), tout moun ladan (enklizyon) ansanm ak sekirite elektè epi kandida yo pandan tout pwosesis la.

DELIVRANS ap denonse gaspiyay resous piblik yo nan yon pwosesis ki pa gen baz solid., ki mal planifye. DELIVRANS ap raple se yon atitid iresponsab le wap



**GWOUPMAN
DELIVRANS**

Tels: +509 3476-7171 / 3701-7055
+509 3701-1919 / 4890-9817

Siege Social: Delmas 83, Impasse Cafetière

kontinye depanse lajan piblik pou yon aktivite ou konnen ki pap pote rezilta. Se poutèt sa li mande yon KEP a ak yon Ekzekitif ki ka chita ansanm pou pibliye bonjan dekrè elektoral ki reponn ak revandikasyon elektè ak kandida yo, epi fè yon rankont validasyon ak tout aktè yo anvan piblikasyon ofisyèl nouvo dekrè a.

Peyi a bouke ak tranzisyon san fen sa. Popilasyon an bezwen konfyans nan pwosesis la pou l ka vote kandida li vle libelibè epi san presyon. KEP a dwe pran responsabilite istorik li, sispann depans san rezilta, sispann mete presyon initil sou kandida yo, epi fasilite validasyon nouvo dekrè elektoral la pou piblikasyon li fèt nan transparans. Li pa vle seleksyon. Li pa vle non plis tou eleksyon bouyi vide sa yo vle foute nan gòjèt pèp la. Li vle yon gouvènman tranzisyon responsab ki ka garanti sekirite epi apiye KEP a pou yon eleksyon ki respekte dwa sitwayen yo. Sel yon eleksyon kredib ka garanti bon jan kondisyon pou lapè ak ranfòsman yon Leta ki chita sou lalwa. Fok nou fè tout sa nou kapab pou eleksyon sa pa charye yon lòt pi gro kriz ankò nan peyi sa.

Pandan nap tann repons prese,prese, nou salye nou avèk konsiderasyon.

Exius Franky

PIERRE Franky Exius
Président **DELIVRANS**